



Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education

75 Pleasant Street, Malden, Massachusetts 02148-4906

Telefòn: (781) 338-3000
TTY: N.E.T. Relè 1-800-439-2370

Jeffrey C. Riley
Komisyonè

30 Mas 2020

Chè Paran ak Gadyen:

Toudabò ak nan fason ki pi enpòtan, mwen espere oumenm ak fanmi ansante ak ansekirite. Antanke komisyonè edikasyon piblik Matènèl-Klas 12^{yèm} ane nan eta ak yon paran elèv nan lekòl piblik, Mwen konnen ke moman sa yo san parèy, e anpil nan nou ap asime wòl ke nou pa abitye. Mwen konprann presyon ekstra-òdinè nap fè fas pandan w ap balanse pou pran swen pitit ou yo, ede yo aprann, nan anpil ka, kontinye pwòp travay ou. Mwen vle asire w ke nap travay san pran souf pou bay dirijan lekòl ou yo gid ki nesèsè pou sipòte elèv ak fanmi yo pandan tan difisil sa yo. Nou tout nan sitiwayon sa a ansanm, travay nan non timoun nou yo.

Nan dat 25 Mas, Gouvènè a te anonse ke lekòl piblik ak prive yo dwe rete fèmen nan Massachusetts pou enstriksyon an-pèsòn jiska Lendi 4 Me nan fason pou anpeche plis pwopagasyon viris kowona (COVID-19). Ódonans lan pa gen ladan lekòl rezidansyèl yo pou elèv yo ki gen andikap. Pandan nap apwoche pipre dat 4 Me, nou prevwa gen plis enfòmasyon osijè si lekòl yo pral relouvri jan sa te prevwa.

Mwen ekri w jodia pou enfòmasyon sou mezi yo nap pran pou sipòte elèv yo pandan lekòl yo fèmen. Dirijan distri ak lekòl ou an ak pwofesè yo pral an kontak avèk ou kòm plis enfòmasyon ap vin disponib. Pou kounye a, sa ki annaprè a kapab itil:

- **Ansèyman a distans:** Mwen konprann ke anyen pa ka ranplase entèaksyon an pèsòn ak eksperyans ansèyman lè ou nan lekòl. Tout elèv ak edikatè yo ke mwen te pale pral gravman manke ansèyman an pèsòn nan kad yon kominote. Pandanke nou pa prevwa pou repwodui ansèyman a distans nan jounen lekòl tradisyonèl yo, nou pral itilize zouti ansèyman a distans ak materyèl enstriksyon pou devlope ak bay elèv yo fason estriktire ak sipò pou kontinye aprann.

Ansèyman a distans ka anglobe yon laj varyete opòtinite ansèyman. Byenke teknoloji a kapab yon zouti sipò, distri ak lekòl yo ta dwe konsidere fason ansèyman elèv la ka kontinye san entènèt. Sa ka gen ladan eksplòre mond natirèl la, aktivite pou sipòte kominote lokal elèv yo (avèk distans sosyal ki apwopriye) ak angaje pwojè Pratik ak kreyasyon atistik ki soti nan pwòp pasyon ak eksperyans elèv yo.

Egzanp zouti ansèyman a distans gen ladan laj-gwoup videyo ak apèl konferans odyo, 1:1 apèl telefòn oswa videyo, imèl, twous travay, pwojè, lis lekti platfòm ansèyman anliy, ak lòt resous yo pou angaje efikasman avèk elèv. Yo ka itilize zouti sa yo pou bay lesan, bay elèv sipò endividyèl,

bay resous yo (sa ki gen ladan materyèl enstriksyon ak devwa elèv), konekte elèv yo avèk youn lòt ak pwofesè a, epi bay kòmmanchè sou travay elèv.

Mwen rekonèt tou ke lekòl yo toupatou nan eta t ap fonksyone avèk yon varyete modèl ansèyman a distans pou elèv yo. Nou travay depre avèk anpil entèvenan pou devlope gid ki pral sèvi kòm yon modèl debaz pou lekòl yo itilize oswa modifiye baze sou sitiyasyon inik yo. Rekòmandasyon sa yo gide pa twa kwayans fondamantal:

- Sante, sekirite, ak byennèt se pi gwo priyorite nou.
- Lekòl yo ta dwe atantif sou preyoqipasyon ekite ak travay pou redwi posiblite enpak pwopòsyonèl potansyèl sou popilasyon nou an ki pi vilnerab.
- Nou angaje pou kenbe koneksyon ant anplwaye lekòl ak elèv yo epi ede tout elèv yo kontinye ansèyman yo.

Avèk kwayans sa yo nan lespri, modèl ansèyman a distans ki rekòmande a mete aksan sou sa ki annaprè a:

- Nou rekòmande ke lekòl yo sipòte elèv yo pou angaje nan ansèyman powodikatif ak siyifikatif pou apeperè mwaye nan longè yon jou regilye lekòl. Nou prevwa pou ansèyman fèt atravè yon konbinezon aprantisaj ki dirije pa edikatè ak oto-aprantisaj ki dirije pa elèv yo.
- Nou rekòmande ke ansèyman a distans chita sou ranfòsman konpetans ke yo te deja anseye nan ane lekòl sa ak aplike ak apwofondi konpetans sa yo. Nou rekonèt, toutfw, ke nan sèten ka, pwofesè ak elèv yo ka swete kontinye avèk nouvo materyèl, patikilyèman nan nivo lekòl segondè. Nan ka sa yo, lekòl yo ta dwe konsidere ekite aksè ak sipò pou tout elèv yo.
- Nou rekonèt ke eksperyans endividyèl elèv pral varye depannde laj elèv la, bezwen endividyèl ak famiyal, aksè ak kapasite pou ansèyman a distans (enkli aksè nan teknoloji ak entènèt), ak sante kontinyèl elèv, fanmi, ak anplwaye.

Malgre tou, mwen rekonèt ke lekòl ak pwofesè yo pi byen pozisyone pou devlope plan pou reponn a bezwen elèv yo e bezwen sa yo ka chanje pandan peryòd fèmti sa a.

Pou plis elaji opòtinite ansèyman pou elèv yo, nou fè patenarya avèk televizyon piblik yo [WGBH](#) ansanm avèk estasyon patnè li [WGBY](#) pou bay resous pou elèv yo kap aprann nan kay itilize. Resous yo gen ladan estasyon yo ki fenk lanse sou [sant ansèyman a distans](#) (<https://www.wgbh.org/distance-learning-center>) avèk leson pou chak nivo klas ak aksè gratis pou edikatè nan PBS LearningMedia (<https://mass.pbslearningmedia.org/>). Elèv lekòl pre-segondè ak segondè gen aksè tou a plis pwogram edikasyon sou WGBH ak WGBY WORLD Channel apati midi pou rive 5 p.m., e timoun ki pi piti yo ka konekte sou lòt chanèl radio-difizyon tankou WGBH Kids pou pwogramasyon edikasyon. Yo te afiche lòt resous edikasyon siplemantè sou sit entènèt nou an (<http://www.doe.mass.edu/covid19/ed-resources.html>).

- **Jou obligatwa lekòl:** Lekòl yo pa gen pou ratrape jou ki te anile yo akòz ijans sante piblik, apa senk jou pou nèj ke yo te mete akote. Eta a pa egzije okenn lekòl pou ale odela 185 jou nan ane lekòl ki te deja pwograme a, byenke chak distri lekòl ka deside pou ale pi long.
- **Tès MCAS:** Nou konprann ke edikatè, paran, ak elèv yo angwase pou konnen plis enfòmasyon sou tès yo. Tanpri kenbe nan lespri w ke tès anyèl la obligatwa pou alafwa gouvènman eta ak federal. Pou kounye a, nou te resevwa yon egzansyon inisyil nan egzijans federal e nap travay nan nivo eta pou

eksplore opsyon yo ki nan pi bon enterè elèv yo. Nou pral deside opli vit ke posib sou tès ane sa a ak Detèminasyon Konpetans ki obligatwa pou gradyasyon elèv lekòl segondè yo.

- **Edikasyon Spesyal:** Nan dat 21 Mas, Depatman Edikasyon Etazini teibliye yon [fey enfòmasyon](#) pou klarifye sa lwa federal sou edukasyon spesyal mande pou elèv yo ki gen andikap pandan ke lekòl yo fèmen nan ijans sante piblik sa a. An patikilye, gid la te klè ke lekòl yo dwe bay yon edukasyon piblik apwopriye gratis (FAPE) pou elèv yo ki gen andikap ki konsistan avèk bezwen pou pwoteje sante ak sekirite elèv yo, edikatè, ak founisè sèvis yo. Nan sikonstans eksepsyonèl sa yo, nou pral bay sèvis edukasyon spesyal nan yon fason diferan ke jan li ye lè lekòl la ap fonksyone nan nòm.

Opòtinite aprantisaj enpòtan ak koneksyon kontinyèl avèk pwofesè ak founisè sèvis yo gen yon enpòtan kapital pou elèv yo ki gen andikap. Pandan semèn kap vini yo, lekòl yo pral kontinye devlope ak etann fason pou bay sèvis edukasyon spesyal a distans. Si pitit ou gen yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP yo) ta dwe prevwa ke manm yo nan ekip edukasyon spesyal pitit ou pral tcheke avèk ou ansanm avèk pitit ou pou aksede sèvis sa yo.

Patisipasyon pitit ou nan aktivite ak sipò lekòl la bay pa pral lakoz chanjman nan IEP pitit ou. Reyinyon IEP yo pa nesè nan fason pou lekòl la bay sèvis a distans. Lè lekòl rekòmanse, ekip IEP pitit ou pral fè swivi jan sa nesè pou detèmine pwochen etap yo nan sipòte pwogrè pitit ou.

Nou ankouraje fanmi yo, administratè lekòl, ak pwofesè yo pou travay ansanm pou jwenn pi bon fason pou sipòte chak timoun pandan tan difisil sa a.

- **Edikasyon moun kap aprann Angle:** Rekòmandasyon Ansèyman a distans rekonèt ekite bezwen pou l yon gwo konsiderasyon nan efò planifikasyon lokal e distri yo bezwen pou sipòte elèv yo pou angaje nan ansèyman pwodiktif ak enpòtan avèk konpreyansyon ke eksperyans endividyèl elèv la pral varye depannde diferan faktè. Lwa sou dwa sivil Federal mande lekòl yo pran aksyon apwopriye pou reponn a obstak langaj ki anpeche moun kap aprann Angle yo pou patisipe nan fason siyifikatif nan edukasyon ak pou sipòte planifikasyon lokal. Nou pral byento bibliye plis direktiv sou fason pou sipòte elèv kap aprann Angle yo pandan peryòd pwolonje fèmti lekòl.
- **Lekòl rezidansyèl pou elèv yo ki genyen andikap:** Ódonans 25 Mas Gouvènè a pou pwolonje fèmti lekòl yo pa aplike pou lekòl rezidansyèl pou elèv ki gen andikap yo. Lekòl sa yo an konsiltasyon avèk konsèy sante lokal ak Depatman Sante Piblik eta pou pran desizyon sou kijan pou fè fas avèk sitiyoasyon spesifik yo. Nou an kominikasyon depre avèk lekòl sa yo pou sipòte kontinwite sèvis nan nivo maksimòm posib ak pou sipòte sante ak sekirite elèv ak anplwaye yo.
- **Manje lekòl:** Nap travay avèk lekòl yo ansanm avèk lòt òganizasyon ki baze sou kominote pou ede bay elèv ki ka bezwen manje. Gen plis pase 1,000 lokal manje ki ouvè toupato nan eta. Pou w jwenn yon lokal toupre w, tanpri vizite sit rechèch Pwojè Bread meal anliy nan <https://meals4kids.org/schoolclosure> oswa kontakte yo pa telefòn nan 800-645-8333.

Anpeche ak Sispann Entimidasyon ak Arasman

COVID-19 pa gen rapò ditou avèk ras, etnisite, oswa nasyonalite. *Entimidasyon oswa arasman* ki gen rapò avèk COVID-19 ki baze sou ras aktyèl oswa ki pèsevwa, koulè, orijin nasyonal, oswa andikap *pa pral tolere*. Li ka lakoz nan yon vyolasyon lwa sou dwa sivil eta ak federal.

Si ou panse oumenm oswa pitit ou te eksperimante entimidasyon oswa arasman ki gen rapò avèk epidemi

COVID-19, oswa si sa rive nan lavni, tanpri kontakte ofisye dwa sivil lekòl ou, biwo direktè oswa sipè-entandan w nan 781-338-3700 oswa compliance@doe.mass.edu.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite sit entènèt COVID-19 ki annaprè yo:

- Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi [Centers for Disease Control and Prevention] (<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>)
- Depatman Sante Piblik Massachusetts [Massachusetts Department of Public Health] (www.mass.gov/covid19)
- Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts [The Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education] (<http://www.doe.mass.edu/sfs/emergencyplan/covid19.html>)

Egalman, Asosyasyon Nasyonal Sikolojis Lekòl [National Association of School Psychologists] te konseye sou fason pou pale sou viris la avèk timoun yo (<https://www.nasponline.org/resources-and-publications/resources-and-podcasts/school-climate-safety-and-crisis/health-crisis-resources/talking-to-children-about-covid-19-%28coronavirus%29-a-parent-resource>).

Mwen konnen pou byen sipòte timoun nou yo, nou tout bezwen kenbe pwòp sante mantal nou. Mwen ankouraje w pou egzamine resous yo ki disponib pou sipòte pwòp sante ak byennèt ou (<https://www.mass.gov/info-details/maintaining-emotional-health-well-being-during-the-covid-19-outbreak>).

Nou pral bay lòt enfòmasyon sou egzijans MCAS ak gradyasyon byento. Si ou gen kesyon ki pa adrese isit la, tanpri imèl nou nan COVID19K12ParentInfo@mass.gov oswa rele nou nan (781) 338-3700.

Mèsi pou tout sa nou fè pou sipòte timoun yo pandan moman difisil sa yo.

Kòdyalman,



Jeffrey C. Riley
Komisyone